

## A. Objektif ak itilizasyon fòmilè sa a

### Kisa Enfòmasyon sante pwoteje (ESP) ye ?

ESP se nenpòt enfòmasyon konsènan sante w ki gen dwa asosye avèk dosye w la epi li enkli enfòmasyon tankou kondisyon lasante w, dosye medikal ou a ak istorik peman w yo. BMC HealthNet Plan (Plan an) ak BMC Health System, Inc. (Sistèm nan) dwe kenbe ESP ou yo prive.

### Pataj ESP

Lalwa a pèmèt Plan an pou pataje pifò nan ESP ou yo, san otorizasyon w, pou rezon swivan yo tankou :

- Pou tretman swen sante. Pou ede w jwenn tretman swen sante w bezwen yo.
- Pou peman sèvis swen sante. Pou peye oubyen pou resevwa peman pou sèvis swen sante w yo epi pou regle reklamasyon w yo.
- Pou operasyon swen sante. Sa enkli jesyon ak kowodinasyon swen sante w yo epi mizajou dosye swen sante w yo.

### Kisa fòmilè sa a fè ?

Objektif fòmilè sa a se pou jwenn pèmision w, lè gen bezwen, pou pataje ESP ou yo avèk tyès pati nan objektif jere swen w lan. Pou objektif fòmilè sa a, « Tyès pati » gen dwa enkli :

- Founisè swen sante ki pa deja enplike nan swen w lan. Plan an ak Sistèm nan pral ede w jwenn yon founisè ki bon pou w epi y ap ede w fikse randevou w yo.
- Òganizasyon kominotè ki ofri sèvis ou gen dwa bezwen, tankou lòjman oubyen manje.

Ou gen dwa chwazi pa bay konsantman w lan. Yon lòt opsyon se pou w limite kalite ESP nou pataje epi ak kiyès nou pataje yo. Desizyon w lan p ap gen okenn enpak sou enskripsyon w nan Plan an.

## B. ESP ki espesyal / sansib

Nou gen dwa bezwen konsantman w pou pataje ESP ki sansib nan yon enteryèman oubyen avèk « tyès pati. » Kèk nan ESP espesyal sa yo gen dwa konsène w. Souple kwoche bwat la si w ban nou pèmision pou pataje enfòmasyon sa yo. Aprè sa, **ekri inisyal ou yo.**

	Kwòch	Inisyal		Kwòch	Inisyal
Tès ak rezilta jenetik	<input type="checkbox"/>		VIH / SIDA	<input type="checkbox"/>	
Maladi ki transmèt seksyèlman	<input type="checkbox"/>				
Dosye tretman pou alkòl / dwòg (ki enkli enfòmasyon sou reklamasyon, idantite founisè tretman, rezilta tès laboratwa ak enfòmasyon sou dyagnostik ak tretman) gen dwa pataje ak anplwaye Plan an epi Sistèm nan epi kontraktyèl, sou-kontraktyèl, ak reprezantan legal yo, jeran ak kowodonatè swen mwen an, ak founisè tretman mwen yo epi reprezantan pa yo, nan objektif kowodinasyon swen, jesyon swen ak tretman.				<input type="checkbox"/>	
Mwen konprann ke dosye tretman mwen yo pou alkòl / dwòg pwoteje selon					

<p>règleman Federal ki gouvène Konfidansyalite ak dosye pasyan ki gen pwoblèm ak abi stipefyan, 42 C.F.R. pati 2, epi selon Lalwa sou pòtabilite ak redisyon kont asirans sante 1996 la (« HIPAA »), 45 C.F.R. pati 160 ak 164, epi enfòmasyon sa yo pa gen dwa divilge san m pa bay yon konsantman alekri, sòf si lalwa a ta di yon lòt bagay.</p> <p>Mwen konprann ke, sou demann, yo dwe ban mwen yon lis tout gwoup ki resevwa enfòmasyon konsènan tretman mwen pou abi alkòl / dwòg.</p>		
<p><b>C. Otorizasyon pou pataje ESP</b> Nan seksyon sa a, ou pral deside kòman w vle nou pataje ESP w yo.</p>		
<p>Li chak deklarasyon pi ba a. Chwazi sa w pi dakò a. Apre sa, kowche bwat ki bòkote l la epi <b>ekri inisyal ou yo.</b></p>	<p><b>Kwòch</b></p>	<p><b>Inisyal</b></p>
<p>Nan objektif pou jere swen mwen yo, mwen bay Plan an ak Sistèm nan pèmision pou pataje ESP mwen yo, lè sa legal, avèk « tyès pati » ki nesesè pou ban mwen sèvis.</p>	<p><input type="checkbox"/></p>	
<p>Nan objektif pou jere swen mwen yo, mwen bay Plan an ak Sistèm nan pèmision pou pataje ESP mwen yo sèlman avèk tyès pati swivan yo ki nesesè pou ban mwen sèvis :</p> <p>_____</p> <p>_____</p>	<p><input type="checkbox"/></p>	
<p>Mwen <b>pa</b> bay Plan an ak / oswa Sistèm nan pèmision pou pataje ESP mwen yo ak tyès pati sa yo :</p> <p>_____</p> <p><i>Mwen konprann ke Plan an ak / oswa Sistèm nan gen dwa pa kapab kowdone kèk sèvis byen detèmine pou mwen si l pa kapab pataje ESP mwen yo. Desizyon w lan p ap gen okenn enpak sou enskripsyon w lan, eljibilite w la ni benefis ou yo.</i></p>	<p><input type="checkbox"/></p>	
<p>Mwen <b>pa</b> bay Plan an ak / oswa Sistèm nan pèmision pou pataje ESP mwen yo ak okenn tyès pati.</p> <p><i>Mwen konprann ke Plan an ak / oswa Sistèm nan gen dwa pa kapab kowdone kèk sèvis byen detèmine pou mwen si l pa kapab pataje ESP mwen yo. Desizyon w lan p ap gen okenn enpak sou enskripsyon w lan, eljibilite w la ni benefis ou yo.</i></p>	<p><input type="checkbox"/></p>	
<p>Enstriksyon espesyal :</p> <p>_____</p> <p>_____</p>	<p><input type="checkbox"/></p>	

#### D. Ekspirasyon

Fòmilyè sa a pral ekspire de (2) lane apre m fin pa yon Manm nan Plan an ankò. Konsantman sa a pral rete anvigè si m kite Plan an epi m tounen ladan l anvan de (2) lane gen tan pase. Ou gen dwa anile otorizasyon w la nenpòt lè si w ekri yon avi anilasyon alekri oubyen si w ranpli epi soumèt fòmilyè pou [Anile divilgasyon enfòmasyon](#) bay Plan an nan adrès ki afiche pi ba a, oubyen si w voye anilasyon w lan nan yon telekòpi / faks bay 617-951-3426. Otorizasyon w lan pou pataje ESP ou yo tèmine nan menm lè Plan an resevwa ak anrejistre revokasyon w lan. Li pa gen anyen pou wè ak ESP ke Plan an ak / oswa Sistèm nan te deja pataje yo.

**E. Apwobasyon** Ou menm OUBYEN Repezantan pèsònèl ou a dwe siyen ak ekri dat la sou fòmilyè sa a.

**Siyati manm nan :** Lè m siyen pi ba a, mwen otorize Plan an ak Sistèm nan pou pataje ESP mwen yo jan sa dekri nan fòmilyè sa a, epi m fè se ak tout konesans, bon gre ak volonte mwen an. Mwen te li kondisyon otorizasyon yo epi m konprann yo. Mwen te gen yon chans pou m poze kesyon konsènan fòmilyè sa a epi konsènan pataj ESP mwen yo.

*(Si w gen kesyon konsènan ESP oubyen konsènan fòmilyè sa a, rele nou nan 866-853-5241.)*

Mwen konprann ke, si pati mwen otorize nan Seksyon C yo pou resevwa ak / oswa itilize ESP mwen yo pa gen kontrent pou yo swiv lwa federal sou konfidansyalite enfòmasyon lasante, yo gen dwa pataje ESP mwen yo epi l gen dwa pa pwoteje ankò anba lwa federal sou konfidansyalite enfòmasyon lasante.

Yon **Repezantan pèsònèl** gen otorite legal pou aji nan non w. Repezantan pèsònèl ou a dwe lonmen nan yon dokiman alekri ki fè pati dosye w la **avèk** Plan an. Yon dokiman konsa gen dwa gen enkli yon Òdònans tribinal, yon Pwokirasyon, Responsab legal, oubyen fòmilyè Demann pou lonmen yon [repezantan pèsònèl Plan an](#). Ou gen dwa enkli dokiman sa a ansanm ak fòmilyè a tou.

Siyati Manm nan / Repezantan pèsònèl la \_\_\_\_\_

Non alekri \_\_\_\_\_ Dat \_\_\_\_\_

No. idantifikasyon manm nan \_\_\_\_\_ Dat nesans Manm nan \_\_\_\_\_

**Ou gen dwa soumèt fòmilyè sa a pa telekòpi / faks oubyen pa lapòs.**

**Telekòpi / faks :** 617-951-3426

**Lapòs :** BMC HealthNet Plan  
ATTN: Care Management  
529 Main Street, Suite 500  
Charlestown, MA 02129